

# JWENN ENFÒMASYON YO.

## VARYAN DELTA: KISA W DWE KONNEN

Viris toujou ap chanje. Lè gen yon gwo chanjman ki fèt, syantifik yo rele l yon varyan. Gen kèk varyan ki mwens grav, tandiske genyen lòt ki danjere.



Varyan Delta a enkyete syantifik yo anpil paske li pi fasil pou trape ak pwopaje bay lòt moun epi li gendwa lakoz maladi grav.



Anpil moun tout laj malad akoz Delta, sa ki genyen ladann granmoun, adolesan ak timoun.

### VAKSEN PWOTEJE KONT VARYAN DELTA A

Pi bon fason pou pwoteje tèt ou, fanmi w, ak kominote w kont varyan Delta a se pou w konplètman vaksinen. Vaksen yo:

- ✓ **SAN DANJE:** Vaksen an pwouve pou plizyè mylyon moun, sa ki genyen ladann ras, etnisite ak laj diferan. Li pi fasil pou pitit ou malad grav akoz yon enfeksyon COVID-19 oswa varyan Delta li a ke akoz yon vaksen.
- ✓ **EFEKTIF** Vaksen an pwoteje w pou w pa travay COVID-19 ansanm ak varyan Delta li. Vaksen an anpeche w tou vin malad grav oswa mouri si w vin malad.
- ✓ **GRATIS :** Vaksen an gratis pou tout moun, kèlkeswa kondisyon yo ak imigrasyon oswa si wi ou non yo genyen yon Idantifikasyon oswa asirans medikal.



Si w pa vaksinen, ou genyen plis chans pou w enfekte ak varyan Delta a, vin malad grav, ak pwopaje l bay lòt moun.

## OU GENDWA KANPE VARYAN DANJERE LÈ W PRAN VAKSEN AN



Varyan pi danjere tankou Delta te parèt paske pa gen ase moun ki vaksinen. Gendwa genyen plis varyan tankou Delta pi devan. Pi bon fason pou w pwoteje tèt ou, fanmi w, ak kominote w se pou w vaksinen pi vit ke posib. Ede kanpe COVID-19.




Genyen kèk vaksen ki mande pou w pran li an de tan. Li mande de semèn apre dènye vaksen w lan pou w gen plis pwoteksyon.

## POTEJE TÈT OU AK KOMINOTE W KONT DELTA

Varyan Delta a pwopaje pi fasilman pase lòt varyan COVID-19 yo. Si w konplètman vaksinen, pwoteje tèt ou ak kominote w pandan w ap:



Mete yon mask.



Pratike distans sosyal.



Evite rasanbleman ak anpil moun.



Dezenfekte espas yo manyen anpil.



Lave men w souvan.

**Anpil ekspè sante kontinye rekòmande vaksinen pou pran prekosyon sa yo tou, espesyalman si yo bò kote lòt moun oswa rasanbleman andedan kay.**



**Ou gendwa kanpe varyan danjere lè w pran vaksen.**

**EDE KANPE COVID-19.**